



Sante Sosyal ak Emosyonèl Timoun ki Entelijan Anpil

Lekitia S. Thompson, M.S., Ed.S
Sikològ nan Pwogram pou Timoun ki
Entelijan Anpil
Edwige Seraphin, Ed.S. ak
Wilhel Jean Louis, Ed.S,
Sikològ pou M-DCPS
adapte prezantasyon sa a an Kreyòl

Kesyon

- Eske sante emosyonèl timoun ki entelijan anpil menm ak pa lòt timoun?
 - Ki bezwen sosyal timoun ki entelijan anpil genyen?
 - Ki bezwen emosyonèl timoun ki entelijan anpil genyen?
-

Bezwen Sosyal Timoun Ki Fò Anpil

Eske se fab oswa verite?

- Timoun ki fò anpil dwe pase tan yo ak timoun ki gen menm laj ak yo
 - Timoun ki fò anpil santi yo pi byen si yo pase tout jounen yo lekòl ak timoun ki gen menm laj ak yo
-

Bezwen Sosyal Timoun Ki Fò Anpil

Elèv sa a ka gen pwoblèm nan jan lekòl la kwè timoun dwe aprann

- Li mande yon pwogram ki pi avanse
 - Li mande yon pwogram ki adapte espesyalman pou elèv sa yo.
-

Bezwen Sosyal Elèv ki fò Anpil

Elèv la ka genyen kèk pwoblèm sosyal

- Lè li vin konsène anpil sou sa moun espere de li:

- Li kritike tèt li twòp

- Li pa bay randman lekòl

- Li pa demontre sal konnen

Bezwen Sosyal Elèv Ki Fè Anpil

Gen timoun ki fè esprè “pa bay randman lekòl” paske yo vle lòt elèv ki nan klas yo rete zanmi yo. Men se pa tout tan teknik sa mache paske timoun pa fin trò fò nan kache konesans yo, anpil fwa lè lòt timoun dekouvri jan ou se yon nèg fò yo konn anbete w, pa fè zanmi ak ou, e sa konn lakòz anpil pwoblèm. (Gross)

Bezwen Sosyal Timoun Ki Fò Anpil

Pwoblèm adaptasyon ka prezante nan


- Relasyon ak zanmi

- Timoun laj ou gen tandans rete lwen ou


- Ka oblije chwazi timoun ki pi gran pase w pou jwe

Bezwen Sosyal Timoun Ki Fò Anpil

Nan rechèch LS. Hollingworth fè li jwenn ke toutotan yon timoun pi fò, toutotan entelijans li pi devlope, li gen tandans pou li santi l pi distan de timoun ki gen menm laj ak li.



Men se pa yon pwoblèm emosyonèl
timoun sa a genyen ki lakòz sa rive
paske li pa wè tout bagay menm jan ak
lot timoun ki gen menm laj ak li.



-
- Lè timoun sa a jwenn chans pou li fonksyone ak lòt timoun ki genyen anpil konesans menm jan ak li, pwoblèm sosyal sa yo disparèt epi timoun nan vin santi l nan bòl li
-

Bezwen Emosyonèl

Eske se fab oswa verite?

- Timoun ki fò anpil santi yo pi byen ajiste pase lòt timoun
 - Timoun ki fò anpil gen plis chans pou genyen pwoblèm pase lòt timoun
-

Bezwen Emosyonèl

Timoun ki fò anpil ka ajiste yo pi byen pase lòt timoun

- Paske yo gen anpil bon konprann nan zafè lekòl – yo kapab rezoud pwoblèm pi byen, epi yo kapab debwouye yo pi byen nan lavi
 - Entelijans se youn nan faktè yo jwenn ki pemèt timoun ajiste yo byen nan lavi.
-

Bezwen Emosyonèl

Timoun ki fò anpil gen tandans pou gen pwoblèm tankou:

-Soufri ak depresyon; bay pwoblèm nan fason yo aji; epi pa bay randman lekòl

- Gen pwoblèm nan lekòl yo nan fason yo demontre konfidans yo nan sa yo kwè.

Bezwen Emosyonèl

Yo pa devlope menm jan:

- Talan entelektyèl li ka pi avanse pase devlopman fizik li.
 - Elèv la ka vin fristre paske li konnen sal dwe fè a, men li pa kapab fèl.
 - Sa ka lakòz li fè gwo kòlè
-

Bezwen Emosyonèl

Timoun ki fè anpil ka vin parese paske yo vin reyalize ke bagay yo genyen pou yo fè nan klas yo two fasil. Lè pi devan yo vin gen travay pou fè travay ki pi konplike nan klas ki pi avanse oswa nan kolèj, yo ka vin gen difikilte paske yo pa gen abitid etidye. Sa ka vin lakoz anpil presyon.

Bezwen Emosyonèl

Timoun ki fò anpil ka konprann pi byen bagay kap pase nan anviwonman an, entèraksyon moun genyen youn ak lòt, jan yo panse epi nan sa yo ta renmen wè ki rive.

- Yo ka fè bon jijman ak rezonman moral

- Devlope yon sans jistis ki mande pou yo trete tout moun san patipri.

- Pwoblèm tout mond lan konsène yo

- Yo pa panse tankou timoun

- Gen tandans pou kanpe fem sou sa yo kwe epi refize pran konsey.

Bezwen Emosyonel

Yo ka toujou prèt pou mete anpil presyon sou tèt yo pou yo reyisi.

-Yo vle fè tout bagay san fot.

. Vle bay anpil randman nan sa yap fè

. Manke gen pasyans pou tande tout moun

. Desapwente lè yo pa reyalize yon bagay

. Genyen anpil chans pou fè depresyon oswa devlope pwoblèm ak manje

Bezwen Emosyonel

Anpil potansyel nan anpil bagay:

-Anpil konesans nan dives bagay ka vle di patisipasyon nan anpil aktivite san pran souf

-Elev la ka pa gen pwoblem men li ka lakoz pwoblem nan fanmi li le l gen pou l konsantre sou yon bagay oswa chwazi yon metye

Bezwen Emosyonel

Pou fe fas ak pwoblem lavi a elev ki fo gen tandans pou sevi ak kek vye metod tankou:

- . Dwog
 - . Pwoblem la manjay
 - . Maladi
 - . Reziyasyon (si ou pa eseye ou pa ka pedi oubyen pa pase)
 - . Rete tann denye minit pou fe yon bagay.
 - . Vle aprann tout bagay a la fwa
 - . Pa bay randman lekol
-

Bezwen Emosyonel

Timoun ki fo bezwen aprann kek teknik sou jan pou yo reyaji nan moman difisil

- . Chanje aktivite

- . Pale ak yon moun

- . Pran yon lot pozisyon

Pran yon ti tan pou tet ou


- . Bliye pwoblem ou yo

- . Fe ekzekis regilyeman


An Konklizyon

Timoun ki fo bezwen genyen zanmi ki genyen menm entere ak yo san pou otan yo pa gen menm laj

Timoun ki fo anpil yo bezwen aprann jan pou yo siviv anba sitiyasyon difisil yo rankontre nan lavi a.



Ki sa nou ka fe pou ede
elev sa yo reyisi?



Ki sa nou dwe konnen

Ou dwe konprann byen rezon ki ka fe pitit ou pa menm ak lot timoun

Aspe nan entelijans timoun nan ki ka:

- . Ede l nan tout sa lap fe

- .Oswa lakoz pwoblem

- Lot bagay: Timoun ki fo genyen menm chans ak tout lot timoun pou bay pwoblem

Rekomandasyon ak Konsey Pou Paran

- Ou dwe mete timoun sa a nan yon pwogram ki satisfè tout bezwen akademik li
 - Li bezwen pase tan ak timoun ki panse/aprann menm jan ak li
 - Li dwe nan yon environman ki ankouraje l pou l aprann
 - Li dwe resevwa sipò ak konpliman pou tout efo li fe.
 - Li pa fasil pou w jwenn yon solisyon majik pou elev sa yo
-

Kek Konsey pou Paran

Ou ka ede pitit ou:

Konprann tout sak fel menm jan oswa diferan
ak lot timoun

Konnen sa l ka fe ak sa l pa ka fe

Aprann jan pou li boule ak moun

Konnen ou konprann li epi ou renmen l

Konsej pou paran

Ede timoun nan konpran diferans ant yon travay ki byen fet ak yon ki fet san fot.

Ede l pou l rezonab nan jan l we tet li

Ede l vin yon moun ki djanm


Ede l sevi ak bon konprann li pou l pa pedi tet li

Kek Konsey pou Paran


Ankouraje elev la pran bon risk

- . Sevi ak tet ou kom ekzanp
- . Antreprann yon bagay nouvo
- . Eseye fe yon bagay ki sanble enposib pou reyalize

Bay timoun nan konsey sou fason pou li konpote l le li pa jwenn rezilta li te espere a



Aprann elev la ke gen yon tan pou chak
bagay –
Si ou pa pran chans eseye – ou ka pedi
anpil opotinite (bon bagay)



Konsej pou paran

Pemet elev la pase tan l ak lot timoun ki entelijan menm jan ak li:

Swa nan pwogram espesyal ki fet pou timoun ki fo anpil

Oswa nan lot aktivite ki genyen nan kominote a

Referans

.Cross, Tracy L. “Competing with myths about the social and emotional development of gifted students” Gifted Child Today. 2002 Summer

. Gross, M. “Factors in the social adjustment and social acceptability of extremely gifted children “Talent Development, Volume II, Ohio Psychology Press, 1994



An Nou Aplodi

Kesyon ak Repons

